

# Lekòl inifye Philbrick-Sumner : Lansman pwosesis nonminasyon an

Planifikasyon imobilizasyon

(Planifikasyon kapital)

Madi, 21 me, 2024

6:30 jiska 7:30

# Pwogram reyinyon an

1. Demann pou nominasyon (pou nonmen lekòl la)
2. Regleman distri a sou renominasyon (sou bay etablisman yo lòt non)
  - a. Divès kritè pou n konsidere
3. Bwouyon deklarasyon misyon lekòl inifye a
4. Kalandriye pwosesis nominasyon an
5. Envitasyon pou patisipasyon
6. Chita tande adjwen ant konsèy lokal lekòl la (SSC) ak direktè yo
7. Kesyon ak Repons

# Nonmen lekòl inifye Philbrick-Sumner k ap lokalize nan bilding lekòl Irving lan

Nan ane skolè 2025-2026, lekòl elemantè Philbrick ak lekòl elemantè Sumner ap inifye yo nan bilding renove lekòl Irving lan.

Inifikasyon sa a egzije yon nouvo non lekòl, e sa se rezon pou demann nominasyon an.

Deside ansanm sou yon non se yon jalon enpòtan nan pwosesis pou inifye de (2) kominote skolè, e li se yon opòtinite pou devlopman kominotè ak priz desizyon fèt ansanm an kolaborasyon.

N ap afiche nouvo non an devan antre lekòl la, kòm pati nouvo renovasyon an.



# Regleman distri a sou renominasyon

[Pwosesis pou Renomen Lekòl](#) distri a ki déjà an egzistans, pale prensipalman de pwosesis pou asepte e apwouve divès sijesyon non, e li gen ladan l pwen suivan yo :

- **Nou kapab asepte sijesyon ki sot nan twa sous :**
  - Manm Komite Skolè a
  - Konsèy Lokal Lekòl yo, Konsèy Paran Lekòl yo, Paran yo
  - Divès manm kominotè oswa divès gwoup kominotè
- Tout pati yo ap resevwa notifikasyon konsènan demann pou non an, k ap enkli yon kopi pwosesis la ak kritè yo
- Direktè a ak Konsèy Lokal Lekòl la (SSC) ap fè yon (oswa divès) seyans Chita Tande Piblik
- Apresa SSC a ap voye sijesyon yo avèk tout kòmantè yo bay Komite Skolè Boston an pou apwobasyon.

# Soumèt divès sijesyon non

Sepandan, pwosesis distri a pa enkli :

- Yon pwosesis sijesyon non
- Rediksyon chwa yo
- Sondaj gwoup yo
- Kantite tan ki konsakre pou sijesyon yo

Jou 30 janvye, Ekip Angajman Kominotè Inifikasyon an te reyini pou diskite yon pwosesis pou sijesyon non. Avèk èd kòmantè sa yo, Ekip Planifikasyon Imobilizasyon an te pataje yon pwosesis kreye pou soumisyon non avèk Ekip CE a, jou 12 mas.

# Kritè regleman distri a pou n konsidere lòske n ap rekòmande e adopte non ofisyèl pou lekòl yo

- Non enstalasyon yo ka onore yon moun ki te arive fè yon kontribisyon majè oswa ki te rann yon sèvis ekstraòdinè bay lekòl la, sistèm skolè a, nasyon an, oswa sosyete a.
- Non enstalasyon yo ka rekonèt seksyon jeyografik vil la kote lekòl la lokalize a (menm jan sa fèt pou plizyè lekòl segondè distri nou an).
- Non enstalasyon yo ka rekonèt tèm akademik lekòl la.
- Non enstalasyon yo ka konbine non yon moun ki te arive fè yon kontribisyon majè bay lekòl la, sistèm skolè a, oswa kominote a avèk yon tèm akademik.

# Bwouyon deklarasyon misyon lekòl inifye a

Konsidere deklarasyon misyon ekri suivan an lè w ap sijere non :

« Se **meyè lekòl nan Boston**, se yon kominote nourisan, divèsifye ki onore endividyalite e ki fè efò pou l kreye yon anviwònman ki ranpli ak kè kontan, ki an sekirite, e kote nou santi yon sans apatenans (ke nou fè pati li). Nou founi divès eksperyans aprantisaj dinamik ki prepare elèv nou yo pou yo kapab elèv k ap aprann pandan tout rès vi yo, kiltive moun k ap reflechi nan yon fason kritik, e ankouraje divès manm kominotè ki kapab responsab, ki detèmine, e k ap fè anpil enpak ».

Se Ekip Angajman Kominotè Inifikasyon an ki te ekri deklarasyon sa a, e se ni Konsèy Lekòl Philbrick ni Konsèy Lekòl Sumner ki te revize yo. N ap kontinye kolekte divès reyaksyon e pataje deklarasyon sa a avèk kominote skolè yo jiskaske yon konsèy skolè lokal adjwen ka vote pou apwouve li. Objektif la se apwouve l pa pi ta ke mwa oktòb.

# Kalandriye pwosesis nominasyon an pou aseptasyon sijesyon non yo

- Notifye tout kominote skolè yo sou lansman renominasyon an – **2 me, 2024**
- Yon reyinyon kominotè pou dekri pwosesis la e envite divès sijesyon – **21 me, 2024**
- Pateje kritè yo ak fòmilè a pou sijesyon non yo avèk kominote skolè yo ak kominote elaji a – **22 me, 2024**
- Divès evènman devlopman kominotè – **Nan kòmansman ane skolè 2024-2025 lan**
- Vizite lekòl yo pou angaje elèv yo ak manm pèsone yo – **Mitan septanm jiska mitan oktòb**
- Asepte sijesyon non yo – **jiska mitan mwa oktòb**
- Ebèje yon chita tande konsèy lokal lekòl la ak direktè a pou prezante e asepte sijesyon non yo – **Dènnye semèn oktòb**
- Pataje sondaj avèk fanmi yo, elèv yo ak manm pèsone yo pou redui kantite sijesyon yo – **1ye novanm** (oswa tousuit aprè chita tande a)
- Kenbe sondaj la ouvri jiska **mitan mwa novanm** pou redui sijesyon yo.
- Ebèje yon chita tande konsèy lokal lekòl la ak direktè a pou vòt yo sou sijesyon redui yo – **Aprè konje Thanksgiving lan**
- Pataje divès rekòmandasyon/prezantasyon avèk Komite Skolè a pou diskisyon – **Premye reyinyon desanm nan**
- Retounen pou Vòt Komite Skolè a – **Premye reyinyon an, an janvyè**



# Kalandriye pwosesis nominasyon an pou aseptasyon sijesyon non yo

Yon reyinyon kominotè pou lanse pwosesis la e envite divès sijesyon

**ME 2024**

**Fè gwo piblisite e asepte sijesyon non yo**

**JEN jiska OKTÒB**

Ebèje yon chita tandè SSC a ak direktè a pou prezante e asepte sijesyon non yo

**FEN OKTÒB**

Ebèje chita tandè SSC a ak direktè a pou vòt yo

**FEN NOVANM**



**MAS 2024**

**SEPTANM 2024**

**MITAN SEPTANM jiska MITAN OKTÒB**

**NOVANM 2024**

**DESANM 2024**

Avèk itilizasyon reyaksyon Ekip Angajman Kominotè a, nou te pataje avèk CET a yon Pwosesis Renominasyon Lekòl pou soumisyon non.

Divès evènman devlopman kominotè

**Vizite lekòl yo pou angajman elèv yo ak manm pèsònèl yo**

Pataje sondaj la avèk fanmi yo ak manm pèsònèl yo pou redui divès sijesyon

Pataje divès rekòmandasyon avèk Komite Skolè a pou Diskisyon ak Vòt (De (2) Reyinyon)

# Envitasyon pou patisipasyon

Nou envite tout pati enterese yo soumèt divès sijesyon non **depi nan fen me rive jiska fen oktòb**, pou prezante yo bay Konsèy Lokal Lekòl adjwen an ak Lidè Lekòl yo e pou yo asepte li.

## Fason pou w sijere non yo :

- Ranpli yon sondaj sou entènèt
  - [bit.ly/Phil-Sum-Name](https://bit.ly/Phil-Sum-Name)
- Nan bwat soumisyon lekòl la
  - [Fòmilè soumisyon](#)
- Evènman adjwen pou rantre skolè a



# Yon chita tande adjwen piblik SSC a ak direktè a

Objektif chita tande piblik la se pou founi patizan yo avèk yon opòtinite pou yo bay yon rezon pou non pwopoze yo.

Epitou chita tande a bay direktè yo ak konsèy lokal lekòl adjwen an yon opòtinite pou yo tande kòmantè kominote skolè a e reponn kesyon yo.

Chita tande piblik la founi tou yon opòtinite pou moun tande tout pati enterese yo ak pati afekte yo.

- **N ap prezante non pwopoze yo bay Dirijan Lekòl yo ak SSC a nan premye Chita Tande Piblik la.**
- **Après kominote skolè yo ap limite sijesyon yo atravè yon sondaj.**
- **N ap pataje lis limite a avèk direktè yo ak SSC a pou vòt yo, nan yon dezyèm chita tande.**
- **Konsèy Lokal Lekòl la ap voye rekòmandasyon non yo bay Komite Skolè a pou vòt final la pou apwobasyon.**

Mèsi pou  
tan w ak atansyon w !

# Kesyon ak Repons